



Pou Piblikasyon Imedya: 03/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETA NEW YORK PRAL ÒGANIZE KONFERANS MONDAYL SOU KANAL 2025 LAN

*Evènman entènasyonal ki pral fèt nan Buffalo pandan selebrasyon 200èm anivèsè ouvèti istorik Kanal Erie a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke [Inland Waterways International](#) te seleksyone Eta Nouyòk kòm òganizatè Konferans Mondyal sou Kanal 2025 (2025 World Canals Conference) lan, yon evènman ki rasanble plizyè santèn amatè, pwofesyonèl, ak inivèsite kanal ak wout navigab enteryè ki soti toupatou nan mond lan pou aprann sou yon varyete sijè ki gen rapò ak kanal yo. Konferans 2025 lan pral fèt nan Buffalo pandan Eta a komemore 200èm anivèsè ouvèti Kanal Erie a isit la an 1825. Otorite Enèji New York (New York Power Authority NYPA), Kòporasyon Kanal Eta New York (New York State Canal Corporation), ak Koridò Eritaj Nasyonal Vwa Kanal Erie (Erie Canalway National Heritage Corridor), an patenarya ak Erie Canal Harbor Development Corporation ak Visit Buffalo Niagara, se patwon konjwen epi yo pral kowòdone tout aspè konferans lan.

"Mwen onore dèske Eta New York, ak patikilyèman Vil Buffalo, pral òganize Konferans Mondyal sou Kanal 2025 lan, ki ba nou opòtinite pou akeyi patisipan atravè mond lan pandan y ap mete aksan sou yon pati enpòtan nan istwa eta nou an ak nasyon an pandan 200èm anivèsè ouvèti Kanal Erie a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Kanal Erie a se yon pati entegral nan ekonomi ak peyizaj New York la depi Gouvènè Dewitt Clinton te kòmanse vwayaj inogirasyon 10 jou nan Buffalo an 1825 sou kanal ki te fèk fini an, ki te abouti nan seremoni 'Maryaj Dlo yo' ki pi popilè nan New York Harbour la."

Konferans Mondyal sou Kanal yo se yon eleman kle nan yon selebrasyon konplè kat mwa bisantnè Kanal Erie ki te planifye sou litoral istorik Buffalo ant me ak septanm 2025. Evènman an pral mete aksan sou distri Canalside litoral ki te transfòme nan Buffalo a, ki dènyèman te wè plis pase 400 milyon dola nan nouvo investisman ki gen ladan nouvo otèl, yon gwo tèren espò, yon mize pou timoun, magazen yo an detay ak yon vwa navigab fabile yo re-kreye sou anprent Kanal Erie orijinal la nan Vil Queen. Jodi a, Buffalo's Canalside atire plis pase 1,000,000 moun chak ane.

Pwogram konferans lan pral dinamik, enpòtan e li pral endenyab epi konsantre sou lavni paske kanal ak vwa navigab enteryè yo ap lye yon fason enplakab ak fib sosyal,

kiltirèl ak ekonomik kominote ki antoure yo. An konsekans, evènman an pral striktire pou anbrase diskisyon sou inovasyon, opòtinite ak defi k ap dirije vwa navigab ki an sante ak dirab nan mond lan jodi a. Sesyon sou vwa navigab yo ak kominote yo, aktivite touristik ak lwazi, jesyon vwa navigab, prezèvasyon istorik, epi enklizyon ak aksè pral genyen yon ajanda konferans divèsifye ak konvenkan. Patisipan entènasyonal yo pral make enpak ki inefasab Kanal Erie a te pote nan Amerik di Nò ak odela epi yo pral kapab trase kou a pou yon avni dinamik epi ki pwomèt ke vwa navigab enteryè yo atravè mond lan pral pataje.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Fanmi Otorite Enèji New York la ak Canal Corporation nou an ekstrèmman fyè pou yo rejwenn Gouvènè Hochul ak patnè nou yo pandan n ap selebre bisantnè Kanal Erie a anblematik Eta New York la, nan yon etap mondyal. Evènman entènasyonal sa a pral non sèlman montre sistèm Kanal nou an ki toujou ap travay, men tou li pral ankouraje enpak pozitif kontinyèl li sou ekonomi lokal yo epi mete aksan sou opòtinite san limit pou avanti sou rezo dlo ak santye nou an."

**Direktè Canal Corporation Eta New York, Brian U. Stratton, te deklare,** "Pandan prèske de syèk, Kanal Erie a konekte moun ak komès atravè eta nou an, e antanke jeran vwa navigab anblematik sa a, mwen kontan selebre bisantnè li ansanm ak Gouvènè Hochul ak kòlèg nou yo pandan n ap ramne konsantre entènasyonal la nan Konferans Mondyal sou Kanal la nan Eta New York. Rasanbleman mondyal lidè vwa navigab enteryè yo ak amatè kanal yo pèmèt nou vrèman montre kijan investisman kontinyèl nou yo nan sistèm Kanal la sipòte rekreyasyon ak biznis lokal yo nan kominote bò kanal yo atravè eta New York."

**Direktè Egzekitif Koridò Eritaj Nasyonal Vwa Kanal Erie a, Bob Radliff, te deklare,** "Buffalo se kote ideyal pou òganize konferans sa a e mwen tèlman fyè pou m montre mond lan tout sa li genyen pou l ofri. Yo konnen li kòm 'Gateway to West', Kanal Erie a te konekte vil pò Buffalo ak lòt vil yo sou Great Lakes yo ak nan Oseyan Atlantik nan Vil New York. Koneksyon istorik sa a santral nan istwa Buffalo, e se pi gwo rezon ki fè vil la te vin tounen yon pisans komèsyal ak endistriyèl nan ane 1800 yo."

**Prezidan Komite Erie Canal Harbor Development Corporation lan, Robert Gioia, te deklare,** "Canalside gen onè paske yo chwazi li pou òganize Konferans Mondyal sou Kanal 2025 lan. Konferans lan pral kouwòne yon ete selebrasyon 200èm anivèsè Kanal Erie sou Buffalo Waterfront. Yo planifye plizyè evènman pou make etap enpòtan istorik la, ki pral gen ladann atizay piblik, pwogram edikatif, ak vizit nan repwodiksyon pakebo k ap konstwi nan Longshed nan Canalside kounye a."

**Prezidan ak PDG Visit Buffalo Niagara, Patrick Kaler, te deklare,** "Abòdabilite 'City of Good Neighbors' ansanm ak ti anprent, anba lavil ki pratik pou pyeton, ak richès aktivite lwazi deyò ki gen ladan litoral li yo nan tèminal lwès Kanal Erie a fè Buffalo yon destinasyon evènman konpetitif epi istwa nou dwe genyen pou ofri a san parèy. Mwen pa ka tann pou m montre mond lan tout sa li gen pou l ofri."

**Senatè Eta Timothy Kennedy te deklare,** "Kanal Erie a te jwe yon wòl enpòtan nan devlopman Vil Buffalo ak tout New York epi li kontinye rete yon pati enpòtan nan idantite vil nou an jodi a. Mwen pa ka tann Buffalo montre tout sa nou gen pou ofri pou Konferans Mondyal sou Kanal 2025 lan, ki pral komemore 200èm anivèsè ouvèti Kanal la. Felisitasyon apou tout moun ki te travay pou garanti evènman enpòtan sa a pou Vil Queen."

**Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare,** "Se pral yon onè distenk pou Buffalo pou òganize Konferans Mondyal sou Kanal 2025 lan pandan n ap make etap 200èm anivèsè enkwayab Kanal Erie a. Sa pral yon opòtinite inik pou montre Buffalo ak Lwès New York bay mond lan pandan n ap selebre istwa nou an ak gade nan direksyon k ap vini an."

**Lidè Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Buffalo gen onè pou l òganize Konferans Mondyal sou Kanal 2025 lan an menm tan nou pral selebre 200èm anivèsè Kanal Erie. Litoral nou yo ap atire deplizanlu vizitè ki eksite pou aprann plis sou istwa Kanal Erie a. Nou pa ka tann pou fè echanj bon pratik sou sistèm kanal yo epi montre patisipan konferans ki soti toupatou nan mond lan kijan Buffalo's Canalside te ede rajeni vil nou an."

**Manm Asanble Jon D. Rivera te deklare,** "Lè Kanal Erie a te ouvri vwa navigab li an 1825, li te inogire yon nouvo epòk enjenyeri Ameriken, ki te transfòme fason yo te ekspedye machandiz an gwo yo ak redefini fason tranpò komèsyal te fèt. Jodi a, yo rekonèt Kanal Erie a egzakteman pou siyifikasyon istorik li nan eklwa ekonomik nasyon nou an epi yo konsidere li kòm youn pami vwa navigab moun bati ak egzanp jeni sivil ki pi enfliyan. Lè Konferans Mondyal sou Kanal 2025 lan kowenside ak selebrasyon 200èm anivèsè ouvèti kanal Buffalo a pral non sèlman komemore istwa renome kanal la li menm, men li pral pèmèt tou vizitè ki soti toupatou nan mond lan wè ki jan Buffalo ap envesti nan litoral li epi enjekte modènite nan youn nan sistèm kanal ki pi rekonèt nan mond lan."

**Majistra Vil Buffalo Byron Brown te deklare,** "Buffalo fyè pou li akeyi delegasyon entènasyonal sa a nan Canalside. Asansè ki pi popilè nan vil la, aktivite lewazi deyò ak achitekti inik fè li yon chwa ekselan pou Konvansyon Mondyal sou Kanal 2025 lan. Nou pa ka tann pou akeyi w nan litoral nou an."

**Prezidan Inland Waterways International la, Rudy Van der Ween, te deklare,** "Inland Waterways International ap tann avèk enpasyans pou l dekouvri Buffalo ak tout rejyon an ak yon gwo delegasyon manm li yo - k ap soti nan pa mwens pase 27 peyi atravè lemond - nan okazyon Konferans Mondyal sou Kanal 2025 lan! Nou asire w ke vil òganiztè yo ki soti NY/USA pral fè l tounen yon evènman inoubliyab!"

Konferans k ap vini an nan Buffalo pral make katriyèm fwa nan dènye ane yo Eta New York te òganize evènman entènasyonal sa a. Li te fèt deja nan Rochester an 2000 ak 2010, epi ankò nan Syracuse an 2017 ki te make 200 ane depi kòmansman konstriksyon Kanal Erie a an 1817. Yo pral anonse detay espesifik konsènan Konferans Mondyal sou Kanal 2025 lan pandan planifikasyon konferans lan ap dewoule.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)